



Van ak Solèy

Mwen pi gwo nèg pase w.

Ou pa bezwen pale anpil. N ap wè ki yès ki pi gwo nèg. Men yon mesye sou wout la, an nou wè ki yès ki ka fè li kenbe manto a sou li.

Mwen kapab. Mwen ka fè mesye a kenbe manto a sou li. M ap montre w sa mwen ka fè.

Solèy la fò. Mwen cho anpil. Ban m retire manto a sou mwen, mwen pral chita nan lonbraj la yon moman.

Ha! Ha! N ap wè ki moun ki pi gwo nèg kounye a m ap fè mesye a met manto a sou li.

Sispann plezante non. Mwen pat k ka fè mesye kenbe manto a sou li. Mwen konnen ou pa ka fè l mete l. Ou gwo men pa gen moun ki ka wè w.

Gade sa mwen ka fè.

Van ap vante. Vin fè frèt anpil. Woy! pito mwen mete manto sa a sou mwen.

Mwen genyen. Lè m vante bon jan vante nèg la vin frèt. Se pou li te mete manto a sou li pou kenbe li cho. Nèg la mete manto a sou li, sa montre mwen pi gwo nèg pase w.